



**Èske ou
fè livrezon
restoran pou
yon aplikasyon?**

Ou gen nouvo dwa.

**Estatì imigrasyon pa enpòtan.
Vanjans pa legal.**



**Eskane kòd la
oswa retounen.**

NYC

**Consumer and
Worker Protection**



Apati 24 Janvye 2022

(sof si w ap travay pou aplikasyon ki pran kòmman kliyan yo dirèkteman)

- ✓ Aplikasyon yo dwe di ou konbyen poubwa (tip) kliyan an bay pou chak livrezon.
- ✓ Aplikasyon yo dwe di ou total sa ou touche a ak poubwa ou resevwa pou ayè.
- ✓ Ou ka gen pi bon aksè nan twalèt restoran yo lè ou al pran kòmman yo.

Apati 22 Avril 2022

- ✓ Ou gen plis kontwòl livrezon ou yo. Ou kapab limite ki kote ou prale lè ou soti nan restoran yo epi refize itilize pon yo oswa tinèl yo.
- ✓ Aplikasyon yo dwe ba ou detay wout yo anvan ou aksepte yon livrezon. Dwe genyen adrès pou pase pran, estimasyon tan ak distans pou deplasman an, ti kòb poubwa a si ou konnen l, lajan w ap touche a.
- ✓ Aplikasyon yo dwe peye ou omwen yon fwa pa semèn. Aplikasyon yo pa kapab chanje yon frè pou trete pèman w lan.
- ✓ Aplikasyon yo dwe ba ou yon sak livrezon manje izotèm gratis apre 6 livrezon.

Apati 1 Janvye 2023

- ✓ Aplikasyon yo dwe peye ou nouvo to salè minimòm Vil la pral tabli a.

Pou plis enfòmasyon, kontakte Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP):

- Ale sou nyc.gov/DeliveryApps
- Voye yon mesaj pa imèl bay OLPS@dcwp.nyc.gov
- Rele **311** epi mande pou “Travayè nan Livrezon oswa Asistans Anplwayè”

DCWP pral kenbe idantite ou an sekre.